



Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU 2.3 MILYON DOLA NAN SOULAJMAN TAKS POU PRÈSKE 3 MILYON NOUYÒKÈ

Pwogram STAR la bay egzanpsyon taks ak kredi bay fanmi ak granmoun aje yo nan tout eta a

[Pòtay Dijital STAR](#) pèmèt Nouyòkè yo jwenn kredi STAR atravè depo dirèk

[Enskripsyon depo dirèk](#) pou ane sa a toujou disponib nan Long Island

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mete aksan sou efò kontinyèl Eta New York ap fè pou l ofri 2.3 milya dola soulajman taks bay prèske twa milyon Nouyòkè nan kad pwogram Soulajman Taks Lekòl (School Tax Relief, STAR) Eta a. Plis pase de milyon Nouyòkè deja resevwa soulajman taks STAR yo epi prèske yon milyon pral resevwa benefis yo nan semèn k ap vini yo. Gouvènè a te mete aksan tou ke Nouyòkè yo nan Long Island ka toujou [enskri pou depo dirèk](#) anvan yo bay kredi STAR yo nan semèn k ap vini yo.

"Sezon pou retounen lekòl se sezon soulajman taks tou pou plizyè milyon Nouyòkè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan kredi fiskal rive nan asistans pou gadri ak benefis manje pandan ete, n ap kontinye remèt plis lajan nan pòch Nouyòkè k p travay yo pou fè fas ak kou lavi a epi ede fanmi yo atravè eta nou an."

Pwogram STAR bay pwopriyetè kay ak granmoun aje ki elijib nan Eta New York soulajman taks sou pwopriyete a. Kantite lajan chak benefis STAR depann de nivo revni rezidan an ak lòt faktè.

Pou pwopriyetè kay ki gen yon revni 500,000 dola oswa mwens, avantaj STAR yo anjeneral vo plizyè santèn dola. Pou granmoun aje ki gen 65 ane oswa plis ki gen revni ki pi ba pase 98,700 dola, avantaj STAR yo ka depase 1,000 dola.

Nouyòkè yo resevwa benefis sa a de fason: kòm yon kredi STAR ke yo bay atravè yon chèk oswa depo dirèk pou rezidan an, oswa kòm yon egzonerasyon STAR ki redui bòdwo taks lekòl yo chak ane. Yon fwa yon pwopriyetè kay enskri nan pwogram nan, li pa bezwen pran plis aksyon pou kontinye resevwa kredi oswa egzanpsyon an. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan isit la [isit la](#).

Plis pase 2 milyon Nouyòkè deja resevwa soulajman taks STAR yo, epi yo pral bay soulajman ki rete a pou prèske yon milyon Nouyòkè adisyonèl nan semèn k ap vini yo. Anjeneral, livrezon kredi STAR baze sou delè pou satisfè dat taks lekòl la. Byenke 30 septanm se dat pou taks lekòl ki pi komen atravè Eta a, kèk pati nan Eta a tankou Long Island gen dat limite pou peye nan fen otòn sa a.

Anba ou kapab wè yon repatisyon total 2.3 milya dola benefis STAR ane sa a ak prèske 3 milyon dola benefisyè pa rejyon:

REJYON	SOULAJMAN TAKS STAR	BENEFISYÈ YO
Long Island	736.4 milyon dola	596,000
Mid-Hudson	515.2 milyon dola	414,000
Finger Lakes	216.4 milyon dola	286,000
Western New York	188.2 milyon dola	328,000
New York City	167.3 milyon dola	495,000
Capital Region	152.3 milyon dola	248,000
Central New York	138.3 milyon dola	180,000
Southern Tier	115.6 milyon dola	160,000
Mohawk Valley	69.9 milyon dola	103,000
North Country	49.8 milyon dola	90,000
TOTAL	2.3 milya dola	2.9 milyon dola

Gouvènè Hochul ak Depatman Taks Eta a te lanse premye pòtay dijital STAR nan kòmansman ane sa a. [Nouvo pòtay sa a](#) pèmèt Nouyòkè ki resevwa kredi STAR pou enskri pou resevwa kredi yo voye pa depo dirèk, olye yon chèk fizik pa lapòs.

Pou peman ane sa a, enskripsyon pou depo dirèk toujou disponib pou Nouyòkè yo nan Long Island paske yo pral bay kredi yo nan semèn k ap vini yo.

Tout Nouyòkè ki resevwa kredi STAR kapab kontinye itilize pòtay dijital la pou yo ka enskri pou depo dirèk pou peman ane pwochèn.

Kòm yon pati nan efò sa yo, Gouvènè Hochul ap kontinye fokis li sou abòde kou lavi pou fanmi yo atravè Eta a.

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Pwogram STAR la se yon liy sovtaj enpòtan pou Nouyòkè yo, k ap ede soulaje fado finansye taks sou pwopriyete pou pwopriyete kay yo atravè eta nou an. Efò pou ekonomize sou taks sa yo

se yon temwayaj sou angajman nou pou sipòte fanmi k ap travay yo nan New York pandan y ap fè fas ak presyon kou lavi a k ap ogmante. Pwogram STAR la kontinye tounen yon resous vital pou plizyè milyon pwopriyetè kay ak granmoun aje, epi ak nouvo opsyon depo dirèk la, n ap rann li pi fasil pou Nouyòkè yo jwenn aksè ak avantaj enpòtan sa yo. Majorite Demokratik Sena a te travay kole ak Gouvènè Hochul ak kòlèg nou yo nan Asanble a pou asire ke, anplis STAR, nou te elaji aksè ak asistans pou gadri, ogmante peman kredi taks pou timoun yo, epi nou te bay timoun yo nan tout eta a asistans manje ki nesèsè anpil. Ansanm, inisyativ sa yo reflekte devouman nou pou remèt plis lajan antre nan pòch Nouyòkè k ap travay di yo."

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Anons jodi a pral bay plizyè milyon Nouyòkè ekonomi adisyonèl ki nesèsè pou investi ak depanse nan atik chak jou ke yo plis bezwen. Efò kontinyèl nou pou asire pwogram sa a jwenn finansman totalman epi li fasil pou jwenn aksè ak li mete aksan sou angajman Majorite Asanble a pou fè New York vin pi abòdab pou fanmi ak granmoun aje atravè eta a."

Manm Asanble Michaelle Solages te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li bay soulajman taks enpòtan atravè pwogram STAR la, sitou pou granmoun aje ki gen revni fiks ki konte sou ekonomi taks sou pwopriyete sa yo. Nouvo opsyon depo dirèk la bay aksè ki pi rapid, epi mwen ankouraje tout rezidan ki elijib yo pou yo pwofite tout avantaj sa a."

Senatè Brad Hoylman-Sigal te deklare, "Twa milyon Nouyòkè elijib pou soulajman taks nan kad pwogram STAR epi kounye a, ak depo dirèk, li pi fasil pase anvan pou jwenn avantaj sa a. Mwen rekonesan anè Gouvènè Hochul ak Lidè Majorite Stewart-Cousins paske yo te bay plis pase de milya dola nan bidjè eta a pou ede Nouyòkè yo peye taks sou pwopriyete yo epi pou efò kontinyèl yo fè pou fè Eta New York Vin yon kote ki pi abòdab pou tout rezidan li yo."

Senatè Leroy Comrie, te deklare, "Pwogram STAR la se yon gwo soulajman pou fanmi k ap travay ak pwopriyete kay nan distri mwen an, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye sipòte inisyativ sa a. Ane apre ane, fanmi yo ak granmoun aje yo konte sou benefis sa a pou bay soulajman nan fado taks sou pwopriyete yo. Avèk aplikasyon pòtay dijital la, n ap kapab elaji pwogram nan bay plis Nouyòkè. Mwen pral kontinye defans mwen ak sansibilizasyon mwen pou asire tout moun ki elijib yo ka resevwa benefis la."

Senatè Jamaal Bailey, te deklare, "Li enpòtan anpil pou sipòte kominote nou an, espesyalman moun ki fè fas ak defi ak kou lavi chak jou. Mwen eksprime rekonesans mwen bay Gouvènè Hochul paske li te anonse 2.3 milya dola nan soulajman taks pou prèske 3 milyon Nouyòkè atravè pwogram Soulajman Taks Lekòl la. Inisyativ sa a, ki bay soulajman taks sou pwopriyete ki baze sou revni, pral ede fanmi yo anpil nan amelyore aksè ak sipò pou gadri ak avantaj manje. Mezi sa yo esansyèl pou soulaje fado finansye ki genyen nan nesèsite chak jou yo epi yo pral ede asire yon avni pi briyan pou timoun nou yo."

Senatè Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen tèlman kontan dèske plizyè milyon Nouyòkè pral fasilman resevwa soulajman taks nan ane k ap vini an atravè nouvo pwogram depo dirèk Soulajman Taks Lekòl Eta a. Isit la nan Westchester, taks sou pwopriyete yo se yon chay pou anpil fanmi, espesyalman granmoun aje k ap viv sou yon revni fiks. Pandan ke anpil rezidan Westchester te deja resevwa chèk yo ane sa a, mwen ankouraje w pou w enskri pou depo dirèk pou nan ane k ap vini yo ou ka resevwa chèk STAR ou yo san pwoblèm epi alè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li konprann fado taks sou pwopriyete a ak kòlèg mwen yo paske li te pran mezi konkrè pou abòde chay sa a."

Senatè Peter Harckham te deklare, "Nan yon moman kote chak dola konte, Eta New York ap efòse li yon fason pwo-aktif pou distribiye lajan ak mete li nan kont labank Nouyòkè yo. Gouvènè a ak ekip li a te tande bezwen pou sekou pou klas mwayèn nan epi yo te reponn—nan non elektè m yo, mwen di mès. Distribisyon akselere fon STAR atravè depo dirèk se yon lòt etap pou eta nou an. Debousman 2.3B sa a nan soulajman taks sou pwopriyete a pral fè yon diferans enpòtan nan lavi kontribiyab pwopriyete yo atravè New York epi sipòte ekonomi lokal Hudson Valley la."

Senatè Kevin Thomas te deklare, "Anons Gouvènè Hochul sou 2.3 milya dola nan soulajman taks se yon eleman ki chanje jwèt la pou Nouyòkè yo, espesyalman pou pwopriyete Long Island ki konte sou pwogram STAR la. Lè nou ogmante aksè a epi fè li pi fasil pase tout tan pou resevwa benefis sa yo atravè depo dirèk, n ap asire yo resevwa lajan ke yo gen dwa pou sa alè."

Senatè James Skoufis te deklare, "Pwogram STAR esansyèl pou plizyè milyon kontribiyab New York. Soulajman li bay se yon poto mitan nan kad efò gouvènman ap fè pou rann eta a vin pi abòdab. Byenke travay adisyonèl nesèsè, san dout, mwen pral kontinye fè patenarya ak Gouvènè a ak kòlèg ki gen menm lide yo sou inisyativ ki ede fanmi yo rete lakay yo pandan y ap travay epi apre yo fin pran retrèt."

Senatè Jessica Scarcella-Spanton te deklare, "Antanke lejislatè, nou ta dwe fè tout sa ki posib pou rann Eta New York abòdab pou fanmi nou yo grandi ak pwospere ladan li, epi sa enkli asire ke Nouyòkè k ap travay di yo gen kapasite pou yo gen gadri epi kenbe pitit yo nourri. Antanke paran de pitit, mwen konnen pèsònèlman ki jan li enpòtan pou remèt lajan nan pòch paran k ap travay yo, epi mwen kontan anpil paske inisyativ sa yo ap travay men nan men pou bay priyorite byennèt ekonomik fanmi New York yo."

Senatè Monica Martinez, te deklare, "Gras ak pwogram STAR, fanmi Long Island yo wè soulajman taks enpòtan. Bay 2.3 milya dola nan asistans ane sa a sèlman pral soulaje fado finansye a sou Nouyòkè yo, amelyore abòdabilite pou pwopriyete kay, epi bay fanmi yo plis fleksibilite nan jere bidjè kay yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te travay ak lejislati a pou kontinye bay sipò enpòtan sa a pou pwopriyete pwopriyete yo nan tout eta a."

Senatè Eta John Liu te deklare, "Pòtal dijital STAR la ap bay Nouyòkè yo nouvo fason pratik pou jwenn soulajman taks sou pwopriyete, epi ak 2.3 milya dola nan

ekonomi ki pral bay prèske 3 milyon Nouyòkè, li klè nouvo pòtal sa a ap bay pwopriyete kay yo yon asistans reyèl ak tanjib. Mèsi Gouvènè Hochul paske li modènize kredi taks sa a epi fè li pi fasil pou rezidan yo jwenn sa yo dwe jwenn."

Manm Asanble Charles Lavine te deklare, "Pwogram STAR la ap te kontinye, epi gras a Gouvènè Hochul, li pral kontinye yon bon fason pou fè fas ak kou lavi k ap ogmante toutan an. Lè yo kenbe pwogram sa a epi ajoute amelyorasyon teknolojik ki fè jwenn avantaj vin yon ti kras pi fasil, bezwen ekonomik fanmi yo ak granmoun aje yo se yom priyorite."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Pandan fanmi atravè Hudson Valley ap lite ak ogmantasyon pri, li enpòtan anpil pou nou bay soulajman finansye pou elektè nou yo ak rezidan yo", deklarasyon Manm Asanble Didi Barrett. "Anons jodi a sou Pwogram STAR la, ki te bay soulajman taks pou plis pase 3 milyon Nouyòkè, se yon temwayaj sou angajman nou pou asire Eta New York rete abòdab pou fanmi klas mwayèn yo, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li nan pwogram enpòtan sa a."

Yon fanm ki se Manm Asanble a, Nily Rozic te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li bay priyorite ak abòdabilite epi li amelyore pwogram rabè STAR la. Lè nou entwodwi depo dirèk ak rasyonnalize aksè, nou ap retire baryè pou fanmi ki konte sou sekou sa a pou jere depans k ap monte yo. Amelyorasyon sa yo ale odela komodite — yo demontre angajman nou pou ede Nouyòkè yo reyisi nan kominote yo."

Manm Asanble Steve Otis te deklare, "Abòdab se te yon pwèn enpòtan nan bidjè eta 2024-25 nou an nan enkli anpil ogmantasyon nan pwogram ki diminye chay taks sou pwopriyete, tankou èd rekò bay distri lekòl yo, ogmantasyon finansman bay gouvènman lokal yo pou èd jeneral eta, wout ak pon, dlo pwòp, ak sibvansyon anviwònmantral yo. Anplis STAR ak lòt pwogram pou diminye fado taks sou pwopriyete a, bidjè a te ogmante tou finansman pou sipòte gadri, lojman abòdab, edikasyon siperyè – ki gen ladan ogmantasyon nan asistans pou ekolaj, ak swen sante. Angajman Gouvènè Hochul ak Lejislati a pou diminye depans pou fanmi k ap travay yo pral kontinye an 2025. Mwen rejwenn Gouvènè a jodi a pou m sipòte efò li pou diminye depans pou Nouyòkè yo."

Manm Asanble Latrice Walker te deklare, "Mwen kontan pataje nouvèl sou pwogram Soulajman Taks Lekòl (STAR) ak pwopriyete kay ki abite nan distri mwen an. Nouyòkè k ap travay di yo merite rekòlte fwi travay yo. Nouyòkè ki elijib yo ka resevwa dè santèn dola nan sekou yo ka itilize pou depans nan kay la chak jou. Komodite depo dirèk nan plizyè zòn nan eta a fè pwogram nan pi atiran."

Manm Asanble Rodneyse Bichotte Hermelyn, te deklare, "Kòmansman ane lekòl la se yon nouvo chapit enteresan, men li vini tou ak defi finansye pou anpil fanmi ak moun k ap bay swen. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li ankouraje Nouyòkè yo epi li soulaje fado pou retounen lekòl lè li bay 2.3 milya dola soulajman taks bay prèske 3 milyon Nouyòkè", deklarasyon Manm Asanble Rodneyse Bichotte

Hermelyn. "Nan amelyore pwogram STAR la, pandan n ap ankouraje aksè ak gadri pou timoun yo epi n ap ogmante peman kredi taks pou timoun yo, n ap rann New York vin pi abòdab ak vivab pou tout kominote yo."

Manm Asanble, Clyde Vanel, te deklare, "Nou felisite efò Gouvènè Hochul ap fè pou asire Nouyòkè klas mwayèn travayè yo jwenn soulajman nan moman ekonomik difisil sa yo. Nou pral kontinye goumen pou moun k ap travay nan Eta New York."

Manm Asanble Charles Fall, te deklare, "Inisyativ sa a jwe yon wòl esansyèl nan soulaje fado finansye a sou fanmi nou yo, asire yo ke yo ka pwospere epi kominote nou yo kontinye ap fleri. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te dirije inisyativ sa a. Mwen espere kontinye travay pou konstwi yon avni ki chita sou ekite, aksè ak pwosperite pou chak moun nan distri 61èm lan nan Staten Island, Lower Manhattan ak Brooklyn."

Manm Asanble Nader Sayegh, te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou travay li nan lanse premye Pòtay Digital STAR, ki te ede bay 2.3 milya dola soulajman taks bay prèske 3 milyon fanmi nan Eta nou an. Ak lansman Pòtay Digital sa a, anpil kay kapab kounye a resevwa kredi yo pi vit ak pi efikas. Aksè elaji ak Asistans pou Swen Timoun, Peman Kredi Taks pou Timoun elaji, ak asistans manje pou timoun nan tout eta a se etap ki enpòtan anpil pou sipòte fanmi k ap travay epi asire moun ki pi vilnerab nou yo pa rete dèyè. Efò sa yo ap fè yon diferans reyèl nan lavi Nouyòkè k ap travay yo."

Manm Asanble Jenifer Rajkumar te deklare, "Kredi taks STAR la se yon sipò ekonomik pou prèske twa milyon Nouyòkè, k ap remèt 1.6 milya dola nan pòch yo pou kouvri depans machandiz debaz yo. Jodi a nou ap fè refòm istorik pou mennen STAR nan 21èm syèk la. Kounye a, Nouyòkè yo pral gen aksè san parèy ak kredi a, ki gen ladan opsyon pou depo dirèk, yon fason pou plis fanmi pral jwenn chèk rabè yo genyen an. Ansanm, n ap bay soulajman ekonomik ki nesèsè anpil, n ap diminye kou lavi Nouyòkè yo, epi n ap fè sistèm taks nou an pi jis."

Senatè Jessica Gonzalez-Rojas, te deklare, "Nou dwe fè tout sa nou kapab pou fè New York vin pi bon mache pou tout moun. Vèsman chèk rabè STAR la pa Gouvènè Hochul se yon gwo opòtinite pou sipòte pwopriyete kay nan vil ak eta nou an. Chèk yo rive alè pandan Nouyòkè yo ap kontinye mande nou pou nou ede yo debwouye yo. Nouyòkè yo t ap tann epi yo resevwa soulajman. Jodi a se yon jou enpòtan paske bidjè yo te sèlman vin pi sere, epi bòdwo yo vin pi wo. Mèsi a tout moun ki te ede fè sa reyalize pou nou ka bay tout Nouyòkè plis soulajman ak aksè."

Manm Asanble Brian Cunningham te deklare, "Mwen aplodi lidèchip Gouvènè Hochul nan akonpli angajman li pou bay yon soulajman taks enpòtan pou prèske 3 milyon Nouyòkè. Agrandisman pwogram STAR la, ak komodite depo dirèk la, make yon etap enpòtan pou asire fanmi ak granmoun aje yo ka jwenn sekou sa a san pwoblèm. Pandan kou lavi a ap kontinye defye anpil moun, kredi taks sa yo reprezante yon investisman enpòtan nan estabilite finansye fanmi k ap travay yo nan New York. Mwen

ankouraje tout rezidan ki elijib yo, soti nan Brooklyn rive nan Buffalo, pou yo pwofite opòtinite sa a. Ansanm, n ap konstwi yon New York ki pi abòdab pou tout moun."

Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare, "Pwogram STAR la rete yon liy vital enpòtan pou pwopriyete kay ak granmoun aje yo, espesyalman nan kominote tankou Bronx, kote pousantaj povrete yo pami sa ki pi wo nan eta a. Lè nou ogmante asistans finansye ak ekonomik, tankou plis aksè ak gadri ak Kredi Taks pou Timoun, n ap asire fanmi yo ka konsantre sou sa ki pi enpòtan yo. Inisyativ sa yo reflekte angajman kontinyèl Eta New York pou sipòte rezidan yo atravè Eta New York ak amelyore kalite lavi pou tout moun."

Madanm asanble Dana Levenberg te deklare, "New York se pi gwo eta nan peyi a, epi n ap travay di chak jou pou rann li pi fasil pou moun gen mwayen pou viv ak travay isit la. Pwogram tankou rabè STAR bay pwopriyete kay yo plis espas pou respire nan bidjè yo, epi enskri nan nouvo pwogram depo dirèk la pral rann pwosesis pou jwenn lajan sa a pi senp. Epi nan elaji pwogram kredi taks pou timoun nou an, bay EBT ete pou kenbe timoun yo nourri lè lekòl la fèmen, ak entwodwi pwogram tankou [NY.gov/childcare](https://www.ny.gov/childcare), n ap ranfòse filè sekirite pou timoun nou yo ak granmoun ki pran swen yo. Pwogram vital sa yo ede Nouyòkè yo jwenn pozisyon epi pou yo avanse, epi mwen fyè pou m sipòte yo. Mwen pral kontinye travay avèk Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a pou jwenn fason pou sipòte fanmi k ap travay ak fanmi klas mwayèn yo nan New York yo."

Manm Asanble George Alvarez, te deklare, "Li senp kòm bonjou: lwaye a vrèman twò wo. Ogmantasyon pri lwaye yo te lakòz yon egzòd an mas Nouyòkè yo k ap chèche lojman abòdab yon lòt kote. Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul la sou pwoblèm nan epi mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay avèk li pou asire vwazen nou yo ka viv alèz, epi granmoun aje nou yo ka vyeyi an plas."

Manm Asanble MaryJane Shimsky, te deklare, "Avèk ogmantasyon kredi STAR sa a, rezidan Mid-Hudson yo pral jwenn plis pase demi milya dola nan soulajman taks. Konbine avèk agrandisman pwogram kredi taks pou timoun, gadri ak asistans manje, pwogram sa yo ede fè New York vin pi abòdab pou moun k ap viv isit la—soti nan fanmi k ap travay rive nan granmoun aje ki gen revni fiks yo. Mwen fyè dèske m te sipòte yon bidjè Eta ki investi nan rezidan li yo ak kominote yo, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan misyon enpòtan sa a."

Ede plis fanmi peye gadri

Ete sa a Gouvènè Hochul te lanse [ny.gov/childcare](https://www.ny.gov/childcare) – yon pòtay dijital pou ede rann gadri gratis oswa bon mache pi aksesib pou fanmi ki elijib yo atravè eta Pwogram Asistans pou Gadri (Child Care Assistance Program, CCAP) Eta New York la. Nouvo inisyativ sa a swiv yon investisman istorik 1.8 milya dola eta ak federal la nan CCAP Gouvènè Hochul te garanti nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2025 la. CCAP kouvri plis pase 90 pousan depans pou gadri pou fanmi ki elijib yo, ak pifò fanmi ki gen kat moun pa peye plis pase 15 dola pa semèn pou gadri.

Dènyèman Gouvènè a te travay ak Lejislati a pou revize sistèm gadri a epi fè envèstisman istorik inik, ki gen ladan yon angajman 7 milya dola pou kat ane pou amelyore pwogram asistans pou gadri a; elaji kalifikasyon revni pou asistans gadri pou plis pase mwatye timoun piti nan New York; ogmante pousantaj ranbousman eta bay founisè yo pou ogmante kantite pwogram fanmi yo ka chwazi; investi 50 milyon dola pou etabli yon pwogram kapital pou gadri; investi 343 milyon dola pou estabilize pwogram ki riske fèmen epi sipòte mendèv gadri a; epi investi 15.6 milyon dola pou elaji gadri nan tout kanpis SUNY ak CUNY.

Elaji Aksè pou Peman Kredi Taks pou Timoun

Gouvènè Hochul te anonse dènyèman ke Eta New York te bay apeprè 350 milyon dola nan peman siplemantè bay fanmi ki gen revni fèb ak modere nan tout eta atravè pwogram Kredi pou Timoun Empire State (Empire State Child Credit) la. Plis pase 1 milyon fanmi te resevwa asistans finansye sa a san yo pa te bezwen aplike, paske chak fanmi ki kalifye te resevwa yon peman dirèk jiska 330 dola pou chak timoun.

Kredi pou Timoun Empire State la se yon kredi taks ranbousab pou Nouyòkè ki gen timoun ki kalifye pou revni yo. An 2023, Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a te elaji Kredi pou Timoun Empire State la pou enkli timoun ki poko gen kat ane yo, sa ki te benefisye apeprè 600,000 timoun adisyonèl chak ane. Nan kòmansman ane sa a, plis pase 1 milyon fanmi ki elijib pou Kredi pou Timoun Empire State la te resevwa plizyè santèn milyon dola nan kredi taks ki baze sou deklarasyon taks 2023 yo.

Bay asistans pou manje

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke New York te bay prèske 200 milyon dola nan asistans alimantè pou plis pase 1.5 milyon timoun ki gen revni fèb nan kad nouvo pwogram Transfè Avantaj Elektwonik Ete a (Summer EBT). New York ap voye 120 dola pou chak timoun bay fanmi ki elijib yo pou ede peye pou manje ki an sante. Anpil fanmi ki elijib deja kòmpanse resevwa asistans sa a epi y ap kontinye voye avantaj yo nan semèn k ap vini yo.

Summer EBT se yon nouvo pwogram ki finanse federalman ki sipòte efò pou adrese ensekirite alimantè pami timoun ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo. Chak eta ki chwazi pou patisipe nan pwogram EBT Ete a responsab pou distribye avantaj 120 dola pou chak timoun bay fanmi ki elijib yo, epi tou pou kouvri mwatye depans administratif ki enplike nan distribye lajan yo. Gouvènè Hochul te asire ke New York ta patisipe nan pwogram sa a epi li te garanti 13 milyon dola nan Bidjè Eta a pou ane fiskal 2025 la pou sipòte efò distribisyon EBT pandan ete yo nan tout Eta a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)